

**TRADHISI NGEDUSI KUCING ING DHUSUN BANJARSARI
DESA BARENG, KECAMATAN BARENG
KABUPATEN JOMBANG
(Tintingan Folklor)**

Dini Wahyu Eka Putri

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
diniputri1@mhs.unesa.ac.id

Yohan Susilo, S.Pd., M.Pd.

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Tradhisi ngedusi kucing yaiku arupa slametan sawah ing wayah tandur pari nalika mangsa rendheng dening warga dhusun Banjarsari ing pesareyane Mbah Kudus nganggo piranti kucing sing diadusi dhawet kanthi tujuwan supaya asil panene apik lan didohake saka bebaya. Underane panliten yaiku, 1) Kepriye mula bukane *TNK* ing pesareyan Mbah Kudus, Dhusun Banjarsari, Kecamatan Bareng, Kabupaten Jombang; 2) Kepriye tatalaku adicara *TNK*; 3) Apa wae jinis ubarampe lan uga maknane kang ana ing *TNK*; 4) Apa paedah *TNK* tumrap bebrayan; 5) Kepriye owah-owahan sajrone *TNK* tumrap bebrayan masyarakat; 6) Kepriye Owah-owahan sajrone *TNK*?; 7) Cara apa wae sing ditindakake supaya *TNK* tetep lestari?. Paedah panliten iki, yaiku: 1) Nambahi kawruh ngenani tradhisi utamane *TNK*; 2) Nglestarekake kabudayan Jawa saka warisan cikal bakal *TNK*; 3) Kanggo dhokumentasi, mligine tumrap masyarakat Dhusun Banjarsari ing babagan kabudayan amrih tansah dijaga lan diuri-uri supaya bisa dimangerteni kabeh dhaerah saka sajabane Dhusun Banjarsari; 4) Owah-owahan diandharake kanggo mangerteni pambada-pambada kang ana sajrone *TNK* yaiku pambada saka jaman biyen nganti jaman saiki.

Tradhisi ngedusi kusi bakal ditintangi nggunakake tintingan folklor. Kanggo ndhudhah masalah sajrone panliten iki kudu nggunakake teori lan konsep kang cundhuk karo masalah. Kanggo ngandharake babagan makna nggunakake konsep makna simbolis yaiku teori semiotik Pierce. Owah-owahan nggunakake konsep Koentjaraningrat. Fungsi nggunakake teori saka William R. Bascom lan Alan Dundes. Metodhe kang digunakake sajrone panliten iki, yaiku metodhe dheskriptif kualitatif. Sumber dhata kang ana sajrone panliten iki kaperang dadi sumber dhata *primer* lan *sekunder*. Sumber dhata *primer* yaiku adicara *TNK* dhewe, dene sumber dhata *sekunder* yaiku buku-buku, dhata monografi, gambar dhokumentasi kang gegayutan karo tradhisi kasebut. Dhata kang diklumpukake awujud tetembungan, ukara, gambar, lan wacana. Asil saka panliten iki nuduhake yen *TNK* ditindakake ing pesareyan MK nalika wayah tandur pari ing mangsa rendheng dina Jum'at Pahing. *TNK* iki arupa slametan kang dibacutake barikan jajan. Ubarampe sajrone *TNK*, yaiku; kucing belang telon, dhawet, kembang setaman, kemenyan, gedhang raja, lan jajan kanggo barikan.

Tembung Wigati : Tradhisi Ngedusi Kucing, Mbah Kudus

PURWAKA

Lelandhesan Panliten

Indonesia kalebu negara kang jembar tlatahe uga nduweni pendhudhuk kang kaperang saka pulo-pulo uga dumadi saka maneka warna suku kang nduweni budaya dhewe-dhewe lan ciri kaendahan saben dhaerah siji lan sijine. J.Melalatoa sajrone Koentjaraningrat (1985:4) suku bangsa kang ana ing Indonesia cacahé kurang luwih ana 500 suku kang kasebar saka Sabang nganti Merauke. Kabudayan ora bakal tuwuh tanpa ana masyarakat kang nyengkuyung. Kabudayan uga bisa didadekake idhentitas bangsa uga ajining dhiri bangsa. Kabudayan asale saka basa Sansekerta yaiku budhayah saka tembung budhi kang ngemu teges pikiran utawa budi. Kabudayan ngemu teges minangka sakabehe pamikiran lan asil karyane manungsa kanthi sarana pakulinan anggane padha ngangsu kawruh (Koentjaraningrat, 1985:15).

Soerjono (1990) ngandharake tradhisi yaiku kagiyatan kang ditindakake masyarakat kanthi cara pakulinan. Tradhisi kalebu warisan leluhur kang isih dilakoni nganti saiki lan kalebu bageyan saka

masyarakat, kang biyasane saka negara, kabudayan, wektu utawa agama kang padha. Tradhisi iku ana saka anane informasi kang diterusake saka generasi ning generasi, saka tulisan utawa lesan, amarga yen ora ana informasi utawa komunikasi Tradhisi bakal luntur. Mulane saka bab kasebut, masyarakat kudu pada nyengkuyung nglestarekake Tradhisine dhaerahe dhewe-dhewe. Tradhisi Ngedusi Kucing bisa disingkat dadi *TNK* (Tradhisi Ngedusi Kucing) ing sacedhake pesareyane MK sing disingkat dadi MK (MK).

Underane Panliten

Adhedhasar lelandhesane panliten kang wis diandharake ing ndhuwur, mula undherane panliten kang bakal ditliti, yaiku:

- (1) Kepriye mula bukane *TNK* ing Dhusun Banjarsari, Desa Bareng, Kecamatan Bareng, Kabupaten Jombang?

- (2) Kepriye tata lakune sajrone TNK ing Dhusun Banjarsari, Desa Bareng, Kecamatan Bareng, Kabupaten Jombang?
- (3) Apa makna lan fungsi ubarampe kang dienggo sajrone TNK ing Dhusun Banjarsari, Desa Bareng, Kecamatan Bareng, Kabupaten Jombang?
- (4) Apa wae paedhahe TNK ing Dhusun Banjarsari, Desa Bareng, Kecamatan Bareng, Kabupaten Jombang?
- (5) Kepriye owah-owahan sajrone TNK ing Dhusun Banjarsari, Desa Bareng, Kecamatan Bareng, Kabupaten Jombang?
- (6) Kepriye pamawas warga Banjarsari ngenani tradhisi TNK?

Tujuwan Panliten

Adhedhasar underane panliten ing ndhuwur, nuwuhake tujuwan saka panliten iki. Tujuwan panliten iki bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

- (1) Ngandharake asal-usul mula bukane TNK ing Dhusun Banjarsari, Desa Bareng, Kecamatan Bareng, Kabupaten Jombang.
- (2) Ngandharake tata lakune sajrone TNK ing Dhusun Banjarsari, Desa Bareng, Kecamatan Bareng, Kabupaten Jombang.
- (3) Ngandharake ubarampe sajrone TNK ing Dhusun Banjarsari, Desa Bareng, Kecamatan Bareng, Kabupaten Jombang.
- (4) Ngandharake ngenani aspek piguna sajrone TNK ing Dhusun Banjarsari, Desa Bareng, Kecamatan Bareng, Kabupaten Jombang.
- (5) Ngandharake owah-owahan sajrone Tradhisi Ngedusi Kucing ing Dhusun Banjarsari, Desa Bareng, Kecamatan Bareng, Kabupaten Jombang.
- (6) Ngandharake pamawas warga dhusun Banjarsari ngenani tradhisi Ngedusi Kucing.

Paedah Panliten

Adhedhasar tujuwan panliten ing ndhuwur, nuwuhake paedah saka panliten iki. Paedah kasebut bakal dijlentrehne kaya ing ngisor iki.

- (1) Nambahi kawruh kanggo panliten-panliten liyane ngenani Tradhisi Jawa mligine TNK ing Dhusun Banjarsari, Desa Bareng, Kecamatan Bareng, Kabupaten Jombang.
- (2) Nglestarekake nilai Tradhisi Jawa mligine TNK ing Dhusun Banjarsari, Desa Bareng, Kecamatan Bareng, Kabupaten Jombang.
- (3) Menepi kawruh bebrayan marang masyarakat yen ing tlatah Jombang ana TNK ing Dhusun Banjarsari, Desa Bareng, Kecamatan Bareng, Kabupaten Jombang.
- (4) Nambahi panemu referensi bab Tradhisi Jawa tumrap piwulangan basa Jawa ing sekolah.

- (5) Minangka dokumentasi Dinas Kabudayaan lan Pariwisata ing Kabupaten Jombang.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten kang Saemper

Panliten saemper kaping pisan ngenani tradhisi methik pari kanthi judul *“Tradhisi Methik Pari Ing Desa Jajar, Kecamatan Talun, Kabupaten Blitar (Tintingan Wujud, Makna, lan Fungsi Folklor)”* kang diteliti dening Eka Febriana (2016). Panliten iki ngrembug ngenani sejarah tuwuhe, tatacara nindakake upacara, fungsi lan ubarampe uga pamawas masyarakat ngenani tradhisi methik pari. Panliten saemper kaping pindho yaiku ngenani tradhisi kang diteliti dening Eka Yuliyani (2014) saka mahasiswa Universitas Negeri Malang kanthi judhul *“Makna Tradisi Selamatan Petik Pari Sebagai Wujud Nilai-Nilai Religius Masyarakat Desa Petungsewu Kecamatan Wagir Kabupaten Malang”*. Panliten kuwi ngrembug babagan sejarah tuwuhe, tatacara nindakake upacara, fungsi lan makna ubarampe minangka wujud religius masyarakat uga pamawas masyarakat ngenani tradhisi methik pari.

Panliten saemper kaping telu yaiku dening Faridaturrofiah (2013) saka mahasiswa Universitas Islam Surabaya kanthi judhul *“Upacara Adat Keleman Masyarakat Desa Ngorogunung Kabupaten Pasuruan”*. Panliten kuwi ngrembag ngenani sejarah mula bukane, tatarakit, makna ubarampe sajrone tradhisi Kleman ing Desa Ngorogunung Kabupaten Pasuruan. Panliten saemper kaping papat yaiku yaiku panliten dening Murti (2007) mahasiswa Universitas Muhammadiyah Purworejo kanthi judhul. *“Proses Dan Makna Simbolik Upacara Tradisi Wiwit Padi Desa Silendung, Kecamatan Gebang, Kabupaten Purworejo”*. Asile saka panliten ngandharake sejarah mula bukane tradhisi Wiwit Pari, tatarakit lan makna simbolik sajrone tradhisi wiwit pari ing desa Silendung, Kecamatan Gebang, Kabupaten Purworejo.

Masyarakat lan Kabudayan Jawa

Miturut Ahmadi (1985:97) ngandharake yen masyarakat saka kumpulan manungsa kang nduweni tatanan urip, norma-norma, adat-istiadat kang diugemi sajrone lingkungan panguripane. Ahmadi (1986:56-57) ngandharake yen masyarakat nduweni kelompok kang padha, saengga bisa nduweni pamikiran kang padha lan nduweni tujuwan sosial kanthi wates-wates tartamtu. Kuntowijoyo (2001:37-38) ngandharake sajrone masyarakat Jawa, pendhidhikan nyinaoni nilai-nilai kamanungsan lan teges-teges, simbol yaiku minangka bagian saka sistem budaya, pendhidhikan iku bisa dileksanakake kanthi formal liwat lembaga pendhidhikan utawa kanthi informal liwat wujud komunikasi sosial.

Konsep Folklor

Folklor yaiku saperangan kabudayan sawijine kolektif kang sumebar lan diwarisake kanthi turun-temurun, antarane kolektif jinis apa wae kanthi Tradhisional sajrone versi kang beda kaya dene lisan utawa gerak isyarat utawa kanggo mbiyantu pangeling-eling (Danandjaja, 1985:1-2).

Saka andharan ing dhuwur TNK ing Dhusun Banjarsari, Dhusun Banjarsari. Desa Bareng, Kecamatan Ngoro, Kabupaten Jombang dhedhasar folklore yaiku mlebu sajrone wujud folklore setengah lisan, yaiku campuran unsur lisan lan dudu lisan. Sajrone TNK ana unsur lisan yaiku pitutur lan donga, wondene unsur dudu lisan sajrone upacara iki yaiku piranti kang digunakake ing nalika proses adicara TNK.

Konsep Tradhisi

Poerwadarminta (1939: 1088) ngandharake yen tradhisi iku minangka salah sawijine adat, kapitayan, lan liya-liyane kang diwarisake saka para leluhur. Tradhisi lan kapitayan kang diwarisake para leluhur kasebut, isih ditindakake masyarakat nganti saiki. Adat lan kapitayan kasebut dirasa minangka samubarang kang bisa nduweni piguna. Mula saka kuwi, salah sawijine tradhisi bisa ngrembaka yen saka masyarakat nduweni kesadharan kanggo nggayuh sakabehing panguripane manungsa.

Konsep Adat Istiadat

Suwarni dkk (2015:60) ngandharake adat istiadat Jawa tuwuh lan ngrembaka wiwit jaman kuna. Sajrone Koentjaraningrat (1985:153) ngandharake sistem nilai budaya minangka tingkatan paling dhuwur lan abstrak sajrone adat-istiadat. Rendra (1985:3) ngandharake Tradhisi yaiku pakulinan kang turun-tumurun ing sajrone bebrayan. Poerwadarminta (1939:2) menehi andharan yen adat minangka tata cara kang wis lumrah wiwit biyen mula. Sajrone

Konsep Religi Jawa

Herususanto (2008:42) ngandharake religi asal tembung saka basa latin *religio* kang ateges nalen. Religi ditegesake agama kang tuwuh adhedhasar wahyu saka Gusti kang Maha Kuwasa. Geertz (1981:8) ngandharake religi diperang dadi telung jinis kang dianut wong Jawa, yaiku (a) Abangan, kang makili animistik; (b) Santri, kang makili aspek islam; lan (c) Priyayi, kang luwih mentingake aspek-aspek Hindhu.

Konsep Makna lan Simbolis

Tembung simbol asale saka Yunani yaiku *symbollo* kang nduweni teges tandha utawa ciri kang menehi weruh sawijine bab marang pawongan. Saliyane iku, simbol mujudake objek utawa prastawa apa wae kang nggambarake kekarepan tartamtu (Sudikan, 2001:180). Kuntowijoyo (1987:66) ngandharake lingkungan simbolis yaiku kabeh sing ngemot makna lan komunitas, kaya tembung, basa, mite, nyanyian, seni upacara, tingkah laku, piranti-piranti, konsep-konsep, lan liya-liyane.

Konsep Fungsi

Malinowski (sajrone Hutomo, 1991:19) ngandharake yen fungsi minangka unsure-unsur kabudayan yaiku wujud kanggo nyukupi kabutuhan naluri manungsa. Kabutuhan manungsa ing ngalam ndonya iku wujud maneka warna. Sakliyane iku Alan Dundes sajrone Sudikan (2001:100) ngandharake piguna folklore masyarakat yaiku (1) kanggo ngandhelake rasa paseduluran utawa solidaritas sajrone *kolektif*, (2) menehi pamawas kanggo masyarakat, (3) menehi sawijining cara kang dibenerake dening masyarakat supaya ora ngeyel marang wong liya, (4) minangka piranti kanggo ngayomi masyarakat saka tumindak kang ora adil, lan (5) minangka sarana kang bisa gubah pakaryan kang malehi dadi pakaryan kang nyenengake. Saben simbol-simbol sajrone upacara tradhisi mesthi nduweni fungsi, kang dadi sarana komunikasi antaraning masyarakat uga gayutane donya sing nyata lan donya ghaib.

Nilai Kasalarasan Manungsa Jawa

Saryono (82-90) ngandharake ngenani nilai kasalarasan manungsa Jawa ora bisa uwal saka rasa cocog lan imbang. Nilai kasalarasan bisa nyengkuyung nilai kamapanan amarga kasalarasan bisa ngasilake kamapanan wong siji klawan sijine. Kasalarasan ditiiki karo anane jatmika, rukun, kurmat, lan edi peni. Nilai jatmikane manungsa Jawa prelu didhampingi nilai karukunan manungsa amarga kekarone duweni sesambungan lan padha mbutuhake lan bisa nyengkuyung.

Konsep Owah-owahan

Sajrone TNK iki konsep kang digunakake kanggo ngandharake owah-owahan nggunakake konsep konsep andharan saka Danandjaja (1985:4) yaiku: panyebarane folklore asale saka gethok tular (saka wong siji marang sijine), ora kanthi cara cetakan uga rekaman. Mulane saka iku bisa nuwuhake anane pola pamikire masyarakat kang bisa kelalen, saengga bisa ngowahi apa kang ana sajrone folklore kanthi cara saithik utawa akeh (tanpa ninggalake wujud asline). Kajaba kaya mangkono, kanggo ngandharake owahowahan iki uga nggunakake konsep Koentjaraningrat (1985:29) kang ngandharake owah-owahan budaya minangka proses pergeseran, pengurangan, penambahan, uga pangrembakane unsur sajrone kabudayan.

Lelandhesan Teori

Lelandhesan teori iki digunakake kanggo leladhesan anggane ngolah dhata kang ana gayutane karo TNK adhedhasar perkara sing bakal dionceki. Teori kang digunakake yaiku teori folklor, fungsi lan resepsi masyarakat. Teori folklor sajrone TNK kalebu folklor sabagian lisan kang wis dipercaya dening masyarakat jalaran nduweni wigati tumrap masyarakat panyengkuyung kang wis dilakoni kanthi turun-temurun, uga kanggo panggulawentah marang generasi peneruse. Amarga TNK iki kalebu tradhisi mula kalebu ing folklor. Kaping kapindho ngenani tradhisi lan adat istiadat, yaiku TNK bisa kagolong adat istiadat kang wis turun tumurun saka leluhur kang dilestarekake masyarakat ana ing

jaman saiki. *TNK* kagolong adat istiadat kang ora tau ditinggalake. Tradhisi yaiku warisna budaya Jawa kang turun-tumurun kang wis lumaku wiwit jaman biyen nganthi saiki ing Dhusun Banjarsari, Kecamatan Bareng, Kabupaten Jombang.

METODHE

Rancangan Panliten

Panliten kanthi irah-irahan “Tradhisi Ngedusi Kucing ing Dhusun Banjarsari, Desa Bareng, Kecamatan Bareng Kabupaten Jombang (Tintingan Folklor)” nggunakake metodhe panliten deskriptif kualitatif kanthi tintingan folklor. Metode kang dianggo deskriptif kualitatif kang arupa nyathet kanthi njlimet lan ditliti sakabehe kahanan kang dideleng, dirungu lan diwaca kanthi wawancara utawa ora, nyatet lapangan, dhokumentasi resmi utawa ora, foto, video, tape, uga dhokumen liyane (Sudikan, 2001:85).

Objek lan Papan Panliten Objek

Suharsini Arikunto (1998:15) ngandharake objek panliten iki yaiku *variabel* apa wae kang dadi punjer kang wigati saka panliten kanggo sarana kang didadekake unit panliten. Objek saka panliten iki yaiku folklor setengah lisan kang awujud tradhisi yaiku *TNK* kang ditindakake kanthi turun-temurun saka para leluhur mligine ing Dhusun Banjarsari, Desa Bareng, Kecamatan Bareng Kabupaten Jombang nganti saiki.

Papan Panliten

Papan saka panliten iki manggon ing Dhusun Banjarsari, Desa Bareng, Kecamatan Bareng, Kabupaten Jombang. Objek lan papan iki dipilih amarga (1) sangertine panliti *TNK* durung tau ditliti, (2) *TNK* kasebut nganti saiki isih dipercaya dening masyarakat Dhusun Banjarsari, Desa Bareng, Kecamatan Bareng, Kabupaten Jombang, masyarakat uga isih ngugemi tradhisi lan kapitayan kang ana ing petilasan kasebut, (3) panliti rumangsa yen *TNK* kasebut perlu dilestarekake, diopeni lan dislametake kanggo nuwuhake rasa melu nduweni kabudayan kasebut lan kabudayan kasebut bisa dadi minangka idhentitas salah sawijine dhaerah, sarta (4) akehe wong kang nekani ing petilasan kasebut saperlu donga supaya ekkarepane lan kabeh kajate kagayuh, nanging kabeh ora bisa uwal saka kersane Gusti kang Maha Agung.

Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Sumber Dhata

Sugiyono (2009:402) ngandharake dhata sekunder minangka sumber dhata kang ora langsung kanggo menehi dhata marang panliti amarga nduweni sipat panyengkuyung, tuladhane cathethan, dhokumentasi, buku-buku, literatur uga wacanan kang nduweni gayutan karo panliten. Kriyantono (2010:41) ngandharake dhata primer minangka sumber dhata langsung saka lapangan banjur didudut panliti supaya bisa dadi asil dhata panliten kang utama.

Dhata

Dhata yaiku asil cathethan saka panliti, kang arupa fakta uga bisa awujud angka (Arikunto, 2010:161). Sugiyono (2011:130) ngandharake yen dhata iku wujud ana loro yaiku dhata lisan lan dhata barang. Ing sajrone dhata dhata lisan kuwi awujud tetembungan, ukara, wacana ngenani carita rakyat kang awujud tradhisi kang dipikolehi saka asiling wawancara. Sajrone *TNK*, dhata lisan arupa tetembungan kayata donga lan cerita mula bukane *TNK*, banjur dhata barang sajrone *TNK* arupa ubarampe kang nduweni makna lan fungsi kanthi tujuwan kang padha kanggo slametan.

Teknik Nglumpukake Dhata

Ing kene bakal diandharake ngenani metode uga teknik kang bakal digunakake ing panliten iki yaiku: 1). Teknik observasi, 2). Teknik wawancara, 3). Teknik dhokumentasi. Teknik nglumpukake dhata njabarake cara apa kang bakal digunakake ing panliten iki. Danandjaja (Endraswara, 2009:101) ngandharake yen strategi ngumpulake dhata ana 3 bab yaiku kaping pisan kudu bisa mahami latar belakang pemilik folklor.

Instrumen Panliten

Panliten Tradhisi Ngedusi Kucing ing Dhusun Banjarsari, Desa Bareng, Kecamatan Bareng Kabupaten Jombang kalebu panliten lapangan amarga mbutuhake piranti panliten kanggo nyengkuyung dhata asile panliten supaya bisa apik lan tumata (Endraswara, 2009: 135). Piranti panliten uga nulung pancadriyane manungsa kang lumakune winates. Piranti-piranti utawa alat bantu kang dibutuhake yaiku:

- (1) Alat rekam utawa recording kayata hape kanggo ngrekam suarane informan.
- (2) Buku uga pulpen kanggo nyatet lan nulis bab kang wigati nalika nindakake panliten
- (3) Dhaptar pitakonan kanggo narasumber utawa informan. Panliti sadurunge nindakake wawancara sadurunge nyusun pitakonan-pitakonan minangka pedoman panliten ing lapangan.
- (4) Kamera digital kang bisa ngasilake gambar utawa poto lan video kanggo njangkepi panliten cetha nduweni piguna kang penting banget. Kamera digital kanggo njupuk gambar kang ana gayutan karo panliten.

Tatacara Analisis Dhata

Seiddel (sajrone Moeloeng, 2014:248) ngandharake tata cara analisis dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku metode deskriptif kualitatif. Analisis kanthi cara dheskriptif kualitatif minangka sawijine metode kang digawe kanggo ndeskripikake dhata kang ana ing panliten lapangan, sawise iku dianalisis lan dideskripsikake uga diransipake kanthi cara dhata kualitatif, yaiku (1) Nyathet apa wae kang wigati ing lapangan lan diwenahi tandha supaya ngerti asli panliten kasebut, (2) Ngumpulake lan milih, lan nggolongake, banjur nggawe indeks, (3) Nduweni panemu kanthi cara supaya dhata-dhata kasebut nduwe makna, nggoleki lan

nemokake pola lan nemokake gayutane, lan nggawe panemu kang sipate umum.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Mula Bukane TNK

Mula bukane TNK saka andharan crita jaman biyen dimangerteni dening warga, mula warga percaya yen pasareyane MK nduweni bab mistis kayata tolak balak. Dijenengi TNK amarga tradhisi ngedusi kucing nganggo kucing belang telon sing didusi nganggo dhawet. Bisa kabukten kaya pethilan ing ngisor iki.

“...Sing dimaksud tradhisi ngedusi kucing yaiku asal saka ceritane biyen, MK kuwi nduweni ingon-ingonan kucing sing setya tumrap dheweke, kucing kasebut biyasane diadusi MK. Mulane saka iku dianggo ngormati MK, warga dhusun Banjarsari gawe acara ngedusi kucing nganggo dhawet uga nduweni makna saka barang sing ruwet kasebut digambarne kucing sing wedi banyu sing ora gelem ngresiki awake, banjur kucing kasebut di adusi karo dhawet lan kembang setaman supaya resik, amargane dhawet dhewe nduweni filosofi bisa ngudhari barang sing ruwet, mula diarani tradhisi ngedusi kucing mbak...”
(Mbah Lewi, tgl 17 Januari 2018)

Asal-Usul Dhusun Banjarsari

Warga ing saben daerah nduweni sejarah sing dinggep lan dipercaya. Nalika jaman semana dhusun Banjarsari durung ana lan isih awujud alas amba tanpa panguripan. Mula bukane utawa asal-usule dhusun Banjarsari kawiwitan saka jeneng dhusun Kedhungwinong. Cikal bakal sing dipercaya dening warga dhusun Banjarsari yaiku anane pawongan sing jenenge MK, dipercaya sesepuh dhusun sing mbabad alas dhusun Banjarsari. Miturut sejarah, dhusun iki wiwitane diarani Kedhungwinong. Diarani kaya mangkono amarga ana wit winong sacedhake kedhung sing dianggo dening MK kanggo ngiyup, mula saka iku diarani dhusun Kedhungwinong. Ing reja-rejane kemajuan jaman lan akehe sistem pamrentahan, jeneng dhusun Kedhungwinong ora kalebu dhaptar jeneng ing Kecamatan Bareng, nanging diganti dhusun Banjarsari, Banjar tegese jejer-jejer lan Sari tegese maneka warna.

Kahanan Alam Dhusun Banjarsari

Dhusun Banjarsari iki wewatesan karo dhusun Bareng sing manggon sisih kulon. Dhusun Kedunggalih ing sisih wetan, dhusun Tegalrejo ing sisih kidhul, lan dhusun Banjaragung kecamatan Wonosalam ing sisih lor. Desa Bareng kaperang dadi wolung dhusun yaiku dhusun Kedunggalih sing dumadi saka 4 RT lan 1 RW, dhusun Banjarsari dumadi saka 3 RT lan 1 RW, dhusun Bareng sing dumadi saka 4 RT lan 1 RW, dhusun Mojoenggul 4 RT lan 1 RW, dhusun Tegalrejo sing dumadi saka 3 RT lan 1 RW, dhusun Jeruk Kuwik dumadi saka 4 RT lan 1 RW, dhusun Kembang Tanjung dumadi saka 5 RT lan 1 RW, dhusun Kedungpring dumadi saka 4 RT lan 1 RW. Desa Bareng kaperang saka 30 RT. Pangurus pamrentahan kasusun saka 30 pengurus lan 8 RW kanthi

8 pengurus. Jarak dhusun Banjarsari karo kantor kelurahan kurang luwih 1 km.

Gegambaran Bebrayan Dhusun Banjarsari Desa Bareng Kecamatan Bareng Kabupaten Jombang

Sajrone panliten ngenani folklore, dhata-dhata *etnografi* wigati banget. Dhata *etnografi* bisa menehi gegambaran ngenani kahanane warga, kaya dene struktur pamarentahan, apa wae pangupajiwa warga kepriye tingkat pendhidhikan, kepriye agama utawa kapercayan sing dianut lan sapanunggalane. Gegambaran mau bisa digunakake kanggo nggambarake kepriye anane gegayutan antarane warga dhusun Banjarsari, desa Bareng, Kecamatan Bareng, Kabupaten Jombang karo Folklor saperangan lisan ngenani TNK lan pesareyan MK.

Ngrembug babagan kahanan desa lan warga dhusun Banjarsari, bisa dingerteni anane dhata *monografi*. Saka dhata *monografi* kasebut gegambaran ngenani kahanan desa lan warga Banjarsari bisa diandharake kaya dene (1) struktur pamarentahan desa, (2) kahanan warga desa, (3) pangupajiwa, (4) pendhidhikan, (5) agama sing dianut lan (6) gegayutan kahanan desa karo TNK ing pesareyan MK.

Struktur Pamarentahan

Struktur pamarentah desa minangka punjering pamarentahan sing ngatur sawenehing bab sing ana ing desa Bareng saengga dadi punjere warga. Struktur pamarentah desa kasebut kasusun adhedhasar jejibahan minangka utusane pamarentah sadhuwure. Saben organisasi nduweni tugas dhewe-dhewe dianggo nglayani warga ing desa Bareng.

Kahanan Warga Dhusun Banjarsari

Dhusun Banjarsari minangka salah sawijine dhusun sing ana ing Kecamatan Bareng. Dalanan kanggo nuju menyang dhusun Banjarsari wis aspalan nanging akeh sing rusak. Sadurunge mlebu ing dhusun Banjarsari kudu nglewati gang dhusun Bareng, banjur ing kunu bakal ketemu jembatan lan sawah, banjur ketemu dhusun Banjarsari. Transportasi umum kayata mikrolet ora bisa mlebu ing dhusun Banjarsari. Dhusun Banjarsari kalebu dhusun cilik nanging wong sing manggon kono akeh senjata dhusun Banjarsari kagolong dhusun sing manggon ing gunung.

Pangupajiwa Warga Dhusun Banjarsari

Pangupajiwa minangka salah sawijine bab wigati dianggo nyukupi kabutuhan saben dina. Pangupajiwa pendhudhuk nduweni maneka warna jinis amarga anane pangaribawa kahanane alam. Kahanan sing ana ing dhusun Banjarsari yaiku kagolong dhusun sing lemahe subur dianggo nandur amarga panggone ana ing daerah gunung Anjasmara. Mula wargane akeh sing makarya tani utawa buruh tani.

Pendhidhikan Warga Dhusun Banjarsari

Pendhidhikan ing dhusun Banjarsari luwih maju tinimbang jaman biyen merga jaman biyen amarga wargane kurang peduli lan kurang kesadarane marang

pendhidhikan, nanging saiki padha sadar tumrap pendhidhikan. Bisa dibuktekake saka jumlah sekolahane yaiku gedhung TK ana siji, gedhung SD ana siji, uga gedhung TPQ (Taman Pendhidhikan Al-Qur'an) ana mung siji. Anane gedhung kasebut dianggo nikelake asil kagiyatan bab pendhidhikan. Ing ngisor iki dhata pendhidhikan warga dhusun Banjarsari.

Agama Warga Dhusun Banjarsari

Agama sing dadi pandome uripe manungsa sajrone urip ing donya. Papan dununge agama sing manggon sajrone ati lan kapitayane dhewe-dhewe. Mula bab agama ora bisa pineksa liyan. Semana uga kahanane warga dhusun Banjarsari 100% nganut agama Islam.

Gegeyutan Gegambaran Dhusun Banjarsari karo Tradhisi Ngedusi Kucing

Gegambaran dhusun Banjarsari sejatine nduweni gegayutan karo tradhisi ngedusi kucing. Bab-bab sing dijilentrehake mau nduweni daya pangaribawa tumrap kahanan tradhisi kasebut. Tradhisi kasebut ana sing isih dijaga lan ditindakake nanging ana sing ora nglakoni tradhisi kasebut amarga wis kalindih kemajuane jaman ing era modern. Mula, andharan gegambaran dhusun Banjarsari kasebut digunakake dianggo nintingi babagan sing awujud becik lan ala tumrap kahanan ing tradhisi iki.

Tata Laku Tradhisi Ngedusi Kucing

Tata laku minangka sawijine perangan sing wigati sajrone adicara. Tata laku gunane dianggo ngatur runtutan acara kanthi urut saengga adicara bisa ditindakake. Sajrone TNK nggunakake tata laku sing ditemtokake wiwit biyen nganthi saiki. Tata laku kasebut ora ana sing diowahi nanging kadhang kala ditambahi miturut kapitayan lan pasarujukane warga.

Tahap Persiapan Tradhisi Ngedusi Kucing

Persiapan ing kene yaiku nyiapake bab apa wae sing dianggo sajrone TNK, saka musyawarah sing manggon ing daleme pak pala supaya para warga bisa nyiapake piranti lan ubarampe sajrone TNK lan rembugan ngesiki area pesareyan MK. Adicara ngesiki pesareyan ditindakake sedina sadurunge adicara. Sajrone adicara resik-resik pesareyan piranti sing dibutuhake kaya sapu kerik, cikrak, pacul uga arit. Tugas resik-resik pesareyan dibagi loro, sedina sadurunge lan wayah dinane adicara. Kelompok lanang budhal menyang pesareyan dianggo gotong royong ngesiki pesareyan, banjur wong wadon ning omah dianggo masak lan jajanan dianggo barikan.

Tatacara Tradhisi Ngedusi Kucing

Adicara iki kalebu adicara inti yaiku punjere saka sawijine adicara, yaiku anggone ngedusi kucing ing sacedhake pesareyan MK banjur diterusake donga bareng-bareng lan dipungkasi acara barikan utawa dum duman jajan. Diwiwiti tabuh 10.00 esuk, kenthongan dithuthuk, mertanda yen adicara arep ditindakake, warga padha nggawa jajan dianggo barikan. Kabeh jajan utawa berkat digawa saka omahe dhewe-dhewe. Sabanjure warga padha nglumpuk banjur adicara bisa diwiwiti

kanthi pambuka samabutan dening pak pala dhusun dibanjutake donga dening sesepuh dhusun utawa kyai. Sakwise iku kucing diadusi nganggo dhawet lan kembang setaman ing sacedhake pesareyan MK, sakwise iku padha donga bareng lan dipungkasi karo adicara barikan jajan utawa adicara dum-duman jajan supaya warga antuk berkah saka adicara kasebut.

Pungkasane Adicara

Adicara panutupan ditandhani anane nyekar ing pesareyan MK uga pesareyan kaluwargane sing ana ing sacedhake MK. Sakwise TNK, warga sing isih ana ing kana padha tahlilan dianggo sesepuh sing wis mbabad alas dhusun Banjarsari yaiku MK uga kaluwarga sing dipesareyanke ana sakiwa tengene pesareyan MK uga nggawa kembang dianggo ing ndhuwur pasareyan.

Makna lan Fungsi ubarampe Tradhisi Ngedusi Kucing

TNK mujudake saperangan upacara adat sing wis ditindakake kanthi cara turun temurun nalika nyemplungi sawah dianggo tetanem mligine ing dina Jemuwah Pahing. Warga dhusun Banjarsari nindakake tradhisi kasebut minangka wujud rasa syukur marang Gusti sing maha Agung uga MK minangka sesepuh dhusun sing wis mbabad lemah dhusun Banjarsari. Pangucap rasa syukur minangka wujud dianggo ngormati marang bab apa wae sing diparingi Gusti marang warga dhusun Banjarsari uga panyuwunan warga dhusun Banjarsari mligine para tani nalika nyemplungi sawahe supaya asile apik lan diadohna saka bebaya uga musibah sing kerep teka ing wayah udan. Sajrone adicara TNK uga nggunakake ubarampe sing dipercaya dening warga bisa menehi makna tumrap warga sing wis nyengkuyung anggone nindakake tradhisi kasebut. Bukti sing njlentrehake ngenani maneka warna ubarampe utawa sajen.

Ubarampe Sajrone Tradhisi Ngedusi Kucing

Ubarampe utawa sajen minangka salah sawijine wacana sing simbolis digunakake dianggo sarana negosiasi spiritual marang bangsa sing ghaib. Sajen digunakake minangka nyuwun ijin supaya bangsa ghaib sing manggon ing pesareyan MK ora ngganggu sajrone adicara sing lagi ditindakake. Sakabehe adicara sing dianggo TNK nduweni makna lan tujuwan beda-beda miturut simbole dhewe-dhewe, anggone nindakake TNK saben wayah udan arep nyemplungi sawahesing arep ditanduri. Ubarampe digawa saka omahe dhewe-dhewe kaya jajan barikan lan ubarampe kaya kucing, dhawet, sajen, kembang setaman disengkuyung bareng dening juru kunci pesareyan lan dibantu warga.

Wujud Ubarampe Sajrone Tradhisi Ngedusi Kucing Sajen

Sajen utawa bisa diarani sesajen sajrone adicara sing ana ing tlatah Jawa iku diarani ubarampe. Sajen kasebut digawe kanthi isi uga nduweni tujuwan kekarepan makna dhewe. Biyasane sajen diseleh ing panggonan tertamtu sing dipercaya ana kekuatan ghoib sing njaga panggonan kasebut kayadene ing ngarep gapura mlebu makam, ing sacedhake pesareyan MK, uga

ing keranda. Wujud isine maneka warna kayata gedhang raja, dupa, kembang sing diseleh ing godhong. Kayata kemenyan utawa dupa dikarepake supaya barang ghoib utawa roh alus sing manggon ing panggonan keramat kuwi mau ora ngganggu nalika adicara ditindakake nganthi marine uga diparingi kelancaran anggane nindakake TNK. Makna saka sesajen nduweni kekarepan supaya bisa mujudake pinaringan lan keslamatan sajrone adicara kasebut. Bab ngenani sajrone sesajen ora ana teges sing luwih cetha, nanging yen ditegesi saka babagan sing ngandhut pamikire manungsa, isine sajen dianggo ngormati pawongan sing njaga papan panggonan sing dikeramatake.

Kucing Belang Telon

Kucing kagolong kewan males lan wedi karo banyu. Mula kewan iki digawe sajrone TNK, amarga masiyarat dhusun Banjarsari percaya yen ngedusi kucing nganggo dhawet lan kembang setaman dipercaya bakal oleh berkah lan manfaat amarga bisa ngadohna saka musibah sing biyasane ana ing wayah rendheng sing arep dianggo nyemplungi sawah. Kucing sing digawe iki ora sembarangan kucing, amarga kucing sing digawe sajrone adicara tradhisi iki wernane kudu belang telon lan jinise lanang. Saben taune, kucing sing dianggo ora kudu padha, sing penting wernane belang telon utawa telung warna lan jinise mesthi lanang, nanging yen ora ana kucing belang telon biyasane bisa diganti karo kucing sing wernane sembarang nanging diutamakake kucing belang telon.

Dhawet

Dhawet minangka kalebu syarat sing utama dianggo nindakake TNK. Dhawet dipercaya warga Jawa yen bisa ngudhari barang sing ruwet utawa bisa ngilangi masalah sing ana. Dhawet bisa ditemokake ing pasar tradhisional lan bisa digawe dhewe saka glepung beras sing ditambahi kanji. Sesambungan dhawet bisa ngudhari barang sing ruwet pancen yen dinalar ora ana, nanging wis dadi kapercayaan warga Jawa yen biyasane nindakake slametan utawa bancakan nggunakake dhawet kanthi tujuwan bisa marekake masalah lan bisa nggayuh kekarepan sing di karepake.

Kembang Setaman

Kembang setaman minangka sawijine ubarampe sing wigati dianggo nindakake TNK ora bisa dilalekake. Kembang setaman sing nggambarake ngresiki barang sing rusuh bisa dadi wangi utawa resik, bisa didudut yen kembang setaman mujudake berkah saka leluhur marang turunane. Dikarepake yen sakwise kucing diadusi nganggo kembang setaman, dhusun Banjarsari bisa resik lan ora ana sing ngrusuhi maneh, bisa ngasilake asil panen sing apik. Kembang sing digawe sajrone TNK yaiku saka tandurane warga sing padha nandur kembang, banjur dilumpukne dadi siji dianggo ngedusi kucing lan dianggo sajen. Kembang sing dibutuhake dianggo TNK iki ora mbutuhake akeh, maceme kaya mawar abang lan putih, kanthil, kenanga sing nduweni makna supaya kabeh sing nindakake ritual warisan budaya ora lali

marang tradhisi sing ana ing jaman biyen, tansah njaga lan ngleluri tradhisine.

Gedhang Raja

Gedhang raja minangka ubarampe sajrone TNK nduweni makna kekasihan. Gedhang raja sing nggambarake tujuwan urip manungsa supaya bisa mujudake cita-cita sing dikarepake lan nduweni piguna dianggo warga liyane mligine warga dhusun Banjarsari. Anane gedhang raja kalebu ubarampe gambaran kepriye anggane warga dhusun Banjarsari bebrayan saben dinane sing nggayuh kekarepan sing dikarepake supaya bisa kawujud.

Nagasari

Jajan nagasari ing dhusun Banjarsari biyasane diarani brubi, jajan tradhisional sing digawe saka tepung beras iki kalebu jajan pasar amarga jajan teles kaya brubi akeh sing ngedol sajrone pasar-pasar. Jajan brubi utawa nagasari biyasane ana ing adicara manten, lamaran, syukuran uga adicara liyane tuladhane adicara ngedusi kucing dianggo slametan. Jajan nagasari iki nduweni makna yaiku saka tembung naga lan sari sing artine sarine naga. Saka bentuke kayata endhog, jajan nagasari nduweni telung lapis yaiku godhong, brubi saka tepung beras, lan isi gedhang. Saka andharan kasebut, nagasari nduweni teges symbol endhog, yaiku endhog naga. Miturut mitologi wong Jawa yaiku nduweni makna ngayomi lan ngelindungi. Nanging miturut warga dhusun Banjarsari mligine tani, jajan nagasari nduweni simbol banyu sing digawe ngileni sawahe supaya tandurane ora garing.

Lemper

Lemper kalebu jajanan pasar sing akeh ditemokake sajrone pasar tradhisional. Jajanan kayata lempur biyasane ditemokake ing acara-acara lamaran, manten, syukuran lan liya-liyane. Panganan sing saka adhedhasar bahan beras ketan miturut wong jaman biyen jajan lempur sing biyasane digawe ing acara lamaran utawa manten nduweni makna supaya kelet. Nanging ing acara tradhisi TNK, ora ana makna sing kinandhut, amarga jajan lempur dhasare digawe saka beras ketan mula jajan iki digawe jajan tambahan.

Tiwul

Kalebu jajanan pasar sing adhedhasar saka gaplek utawa tela sing digaringe lan didepok banjur didang lan ditambahi gula Jawa. Tiwul nduweni ciri khas yaiku wernane soklat. Jajan tiwul luwih enak dipangan karo parutan klapa. Ing dhusun Banjarsari, jajan tiwul isih diugemi dening warga senajan kalebu jajan tradhisional amarga rasane sing enak lan bahan bahane saka tela sing ditandur ing sawahe dhewe, mula wong jaman biyen akeh sing gawe panganan kayata tiwul iki. Jajan iki bisa dianggo tambahan sajrone ubarampe jajan ing TNK.

Gathot

Gathot kalebu jajan pasar sing gampang ditemokake ing pasar tradhisional. Kayadene warga dhusun Banjarsari akeh sing isih nggawe senadyan jajanan-

jajanan ing jaman saiki akeh wernane. Jajan sing asale saka olahan tela iki rupane ireng amarga proses nggawene iku suwe, nanging rasane enak yen dicampur karo parutan klapa enom. Jajan kaya gathot isih bisa ditemokake ing pasar-pasar tradhisional khusus ing pasar Bareng. Gathot kalebu jajanan pasar sing melu nyengkuyung anane TNK, senadyan ora nduweni makna kayata liyane, dikarepae warga dhusun Banjarsari isih ngugemi lan nglestarekake jajanan tradhisional kasebut.

Jadah

Miturut warga, jajan jadah nduweni teges supaya kelet. Mula saben ing adicara apa wae jajan iki mesti ana kaya ing acara lamaran, manten disyaratake supaya nggawe jajan iki. Nanging ing adicara TNK, miturut warga nduweni makna liya yaiku supaya kelet, sing dimaksud kelet ing kene yaiku supaya wargae rukun lan njaga silaturahmi paseduluran tanpa ana tukar padu. Mula jajan iki ana ing acara TNK.

Paedah TNK Dianggo Warga Dhusun Banjarsari

Tradhisi ngedusi kucing ing pesareyan MK mujudake upacara adat sing wis dadi pakulinane warga dhusun Banjarsari. TNK kalebu upacara adat sing ora bisa dipisahake karo warga. Tradhisi iki nduweni paedah tertamtu tumrap urip bebrayan dianggo panyengkuyung. Adhedhasar paedah kasebut ndadekake warga katon kaiket rasa pangrasane, banjur ndadekake tradhisi kasebut tansah dileluri uga ditindakake saben wayah arep nyemplungi sawah supaya antuk barokahe nalika tandur ing mangsa rendheng. Sejatine warga mligine warga dhusun Banjarsari nindakake anane TNK nduweni pangarep-arep dianggo lakune urip. Warga sing isih nglestarekake tradhisi kasebut nduweni pepenginan sing ana sajrone adicara upacara adat kasebut. Pangarep-arep warga minangka wujud kebutuhan naluri sing diduweni dening warga kasebut.

Minangka Sistem Proyeksi

Sistem proyeksi yaiku minangka sarana mligi pathokan angen-angen sing kolektif. TNK minangka piranti dianggo ngandharake kaya apa sejatine sing dikarepake lan diangen-angen dening warga dhusun Banjarsari. Sakabehe angen-angen lan panyuwunan kanthi anane TNK bisa dideleng saka sakabehe wujud ubarampe lan tujuwan nindakake adicara kasebut, yaiku supaya sakebehi para tani sing arep tandur pari ing sawahe bakal slamet anggone golek rejeki uga diadohna saka musibah sing njalari gagal panen nalika udan. Keslametan sing disuwun wiwit keslametan jiwa nganthi keslametan anggone tetanem saben dinane. Tuladhane kaya ubarampe sing nggunakake kucing sing diadusi karo dhawet lan kembang setaman uga ana ubarampe jajan dianggo barikan sing nyimbolake mana anggone warga nyuwun marang Gusti sing Kuasa supaya diwenahi keslametan.

Minangka Pangesahe Pranata Kabudayan

Paedah TNK uga minangka pangesahe pranata lembaga kabudayan. TNK kasebut kalebu sawijine-sawijine aturan sing mligi adhedhasar juru kuncen

dianggo panggonan sing ana gayutane karo pesareyan MK.

Minangka Sarana Panggulawentah

Saiki anane piranti sing modern, panganan opo wae canggih lan padha instan. Saya maju pamikire manungsa modern ndadekake kabudayan sing sipate isih tradhisional sing saya suwe bisa ilang. Amarga yen manungsa nduweni pamikiran saya maju bakal menehi kalodhangan budaya manca sing gampang melbu lan bisa nggeser budaya tradhisional. Apa maneh yen sipate tradhisional iku durung mesthi kabeh warga bisa nguasai kabudayan kasebut. Tuladhane wong enom sing durung mangerteni tradhisi-tradhisi sing sing ana ing dhusun Banjarsari. Baba kaya mangkono bisa ndadekake kuwatire para warga dhusun Banjarsari tumrap kabudayan lan tradhisi sing wis ana wiwit jaman biyen lan wis diwarisake saka leluhur dhusun Banjarsari.

Minangka Piranti Panentu Norma-Norma Warga

Warga dhusun Banjarsari nduweni kapitayan sing isih kuwat ngenani tatalakune tradhisi, piranti-piranti lan ubarampe sing digunakake sajrone tradhisi kasebut. TNK minangka alah sawijine tradhisi sing wis ditindakake wiwit biyen nganti saiki. Slametan lan ziarah menyang pasareyan minangka sawijine rasa pangurmatan marang leluhur mligine MK sing dipercaya dadi sesepuh dhusun Banjarsari, yen nindakake slametan utawa bancakkan ing pesareyan kekarapan lan pepengine bakal oleh berkah ing dhusun Banjarsari. Slametan ing pesareyan MK sawijine wujud nyenyuwun marang Gusti Sing Maha Asih lumantar MK sing dadi pirantine. Sakabehe iku dikarepake supaya warga dhusun Banjarsari ora kena musibah lan bebaya anggone makarya ing sawah uga sawahe bisa ngasilake panen sing apik.

Dianggo Nguwatake Rasa Pangrasane Kelompok Warga

Paseduluran utawa bisa diarani solidaritas kalebu wujud nduweni rasa sing padha utawa senasib. Sajrone TNK iki kabeh wong sing padha nekani lan melu nyengkuyung anggone adicara wiwit saka tahap pambuka nganthi tahap pungkasan acara nganthi ngresiki pesareyan. Sakabehe warga sing melu yaiku wong lanang sing padha nyawiji menyang pesareyan kanthi tujuwan nyuwun marang Gusti Allah supaya diwenahi keslametan lan diwenahi asil panen sing apik. Saka anane guyup rukun warga dhusun Banjarsari bisa nuwuhake rasa gotong royong melu nglestarekake lingkungan, mbangun rasa paseduluran, nguwatake kerukunan, niali sosial, nilai etika, kesabaran, tanggung jawab sarta rasa sokur. Bab kaya mangkono bisa dideleng saka panjlentrehan ing ngisor iki.

Nuwuhake Rasa Gotong Royong

Gotong royong yaiku makarya kanthi bebarengan supaya bisa mujudake kasil sing dipengini. Gotong royong saka tembung rong tembung yaku gotong sing nduweni makna makarya, yen royong nduweni makna bebarengan, dadi yen digabungna nduweni makna

makarya kanthi bebarengan. Anane sikap gotong royong tuladhane warga siji lan sijine padha nyengkuyung ndadekake TNK ing dhusun Banjarsari kanthi apik. gotong royong pancen kudu ditindakake sajrone urip bebrayan jalaran manungsa kuwi isih mbutuhake wong liya, sing biyasane diarani makhluk sosial.

Nglestarekake Lingkungan

Lingkungan alam sing kudu dilestarekake lan dijaga kanthi apik mergane kalebu titipan saka para leluhur biyen, mula saka iku kudu tetep dijaga. Akeh cara sing bisa digunakake dianggo nglestarekake lingkungan, kayadene ing sakupenge dhusun Banjarsari. Tuladhane anane gegodhongan sing biayasane dimanfaatke warga dianggo bungkus utawa lemek. Gegodhongan kaya godhong gedhang lan jati biasane dianggo nutupi ubarampe. Anane godhong gedhang lan godhong jati dijupuk saka tanduran sing ditandur ing sawahe, yen wis rampung anggone nindakake adicara bisa dipendhem menyang lemah supaya ndadekake lemah katon subur.

Mbangun Rasa Paseduluran

Rasa paseduluran sing wigati sajrone urip ing bebrayan. Anane sikap paseduluran bisa nuwuhake warga bisa urip tentrem. Paseduluran diciptakake supaya bisa mujudake samubarang sing dikarepake yaiku nglestarekake kabudayan sing diwarisake saka leluhur biyen kanthi nindakake TNK. Sakdurunge nindakake TNK para warga lan kepala dhusun padha rembugan ngenani ngresiki pesareyan lan nemtokake jam, banjur ngumumake marang warga-warga liyane ngenani kapan acara TNK bakal ditindakake. Saka anane rembugan sing kalebu anane rasa paseduluran, mergane saka warga lan peragkat desa padha nyawiji kumpul bebarengan dianggo ngrembug.

Nguwatake Kerukunan

Rukun miturut kamus nduweni teges guyup ora pasulayan. Nuwuhake rasa rukun uga minangka paedah saka anane TNK. Karukunan dibutuhake supaya kawujud urip tentrem anggone bebrayan antarane warga siji lan sijine bisa raket. Karukunan sing ana sajrone TNK minangka wujud silaturahmi warga dhusun Banjarsari. Karukunan sing kacipta sajrone adicara bisa dideleng nalika warga padha guyup rukun anggone ngresiki sakupenge pesareyan, sing bakal digawe nindakake TNK.

Nglatih Kesabaran

Sabar minangka sipat sing kudu ditindakake sajrone urip lan saora-orane kudu ana ing dhiri pribadi manungsa. Sabar diperlokake supaya bisa kacipta sipat karukunan. Ing TNK uga nduweni piguna dianggo nglatih kesabaran anggone ngadepi kahanan, yen wis kepepet ngadhepi prakara sing rada angel ora oleh grusa-grusu. Nglatih supaya bbisa nduweni sipat sabar pancen ora gampang. Rasa iku ana ing sajrone acara barikan utawa slametan sing padha ijol-ijolan panganan sajroe adicara TNK. Saumpama ana wong sing keduman jajan saithik ora usah gela, mergane didum kanthi rata lan kudu nduweni sipat sokur.

Nglatih Tanggug Jawab

Rasa tanggung jawab minangka nanggung apik utawa alane, uga pakewuhe. Rasa tanggung jawab uga dibutuhake nalika pawongan melu cawe-cawe lan handerbeni sajrone TNK. Tanggung jawab minangka bageyan sing wigati sajrone makarya. Yen warga dhusun Banjarsari ora nindakake kaya mangkono berarti kagiyatan kasebut ora bisa ditindakake kanthi lancer lan ora bisa kelaksana.

Nguwatake Rasa Sokur

Sokur sajrone kamus nduweni teges nampa kanthi bungah. TNK minangka salah sawijine media sing nduweni gayutan marang Gusti lan makhluk ghoib liyane. Anane TNK nduweni tujuwan supaya warga dhusun Banjarsari nduweni manunggal karo Gusti. Mulae dianggo ngucapake sokur marang Gusti nalika diwenahi rejeki lan samubarang apa wae kayata lemah sing subur sing bisa ditanduri apa wae, para warga dhusun Banjarsari ora angela anggone makarya dianggo nyukupi kabutuhan kaluwargane. Merga bisa nandur apa wae sing manfaatake lemah sing subur mau. Mula saperangan warga dhusun Banjarsari aeh sing dadi tani. Sakabehe kalebu rejeki saka Gusti mula warga kudu nduweni sipat sokur lan neriman.

Ngleluri Kabudayan

Panliten ngenani TNK bisa mujudake sawijine panliten budaya. Panliten iki luwih nengenake dheskripsi tumrap sawijine budaya Jawa. Dheskripsi ngennai babagan kahanan, wujud, uga makna sing kinandhut sajrone TNK. mulane saka iku adhedhasar panliten kasebut dikarepake bisa nuwuhake sarana nguri-nguri kabudayan Jawa.

Ningkatake Ekonomi Warga

Kahanan ekonomi warga sajrone dhusun Banjarsari kalebu lumayan apik, senadyan dhusun kasebut jumlah warga pendhudhuke saithik lan kalebu dhusun ing pinggiran amerga panggone ana ing njero. Kahanan ekonomi sajrone dhusun Banjarsari sing paling akeh yaiku saka bidhang pertanian, amerga warga dhusun Banjarsari akeh sing dadi tani utawa buruh tani. Disengkuyung lemah sing amba lan subur, bisa dimanfaatke dianggo nandur tanduran apa wae sing bisa ngasilake dhuwit dianggo nyukupi kabutuhan urip. Anane TNK bisa dikarepake yen ekonomine warga bisa mundhak, iku bisa kabukten saka asile panen sing apik sing bisa didol kanthi rega sing larang dianggo nyukupi kabutuhan pangan.

Ningkatake Nilai Sosial

Manungsa sing urip ning donya ora bisa uwal saka pitulungan manungsa liyane, utawa sing biyasa diarani makhluk sosial. Apamaneh sajrone bebrayan iku butuh srawung marang tanggane dianggo ningkatake rasa paseduluran lan kawruh, aja nganthi kaya paribasan “kodhok ketutup bathok” sing nduweni teges wong sing ora nduweni wawasan amba, weruhe mung njero bathok wae. Ora ngerti yen nang njaba iku isih amba sing nduweni kawruh lan bangsa liya luwih pinter.

Ningkatake silaturahmi antarane warga warga bisa tuwuh sajrone adicara yaiku TNK sing ana ing dhusun Banjarsari. Anane tradhisi kasebut bisa ndhidhik generasi penerus supaya bisa sesrawungan karo warga liyane. Sesrawungan bisa tuwuh yen anane warga siji lan liyane nduweni rasa paseduluran bisa kumpul bebarengan lan bisa nuwuhake nilai sosial.

Nguwatake Nilai Etika

Etika sajrone kamus nduweni teges minangka perangan filisafat sing ngrembug babagan becik utawa ala, pantes lan sing ora pantes. Nilai etika bisa dideleng saka paraga lan panindak sing melu nyengkuyung TNK kanthi becik supaya bisa mujudake tuladha sing becik dianggo generasi penerus lan anak putune mbesuke. TNK uga bisa ndhidhik supaya ora nglalekake lan ngilangake tradhisi sing wis ana wiwit jaman sesepuh kanthi diturunake nganthi jaman saiki.

Ngormati MK Sesepuh Dhusun Banjarsari Sing Mbabad Dhusun Banjarsari

Sejatine manungsa anggone ngloni urip ing bebrayan iku ora bisa uwal saka anane bab sing ora nyata, kayata bab sing ana gayutane karo bab ghoib. Warga Jawa sing kalebu isih nduweni kapitayan ngenani bab ghoib. Mula saka iku yena arep nduweni gawe utawa nindakake adicara sing sakral tumrap launing urip mesthi nduweni sesambungan marang bab ghoib. Isih akeh bebrayan Jawa sing tansah ngugemi nindakake upacara adat. Kayadaene upacara TNK sing ditindakake minangka rasa pangormatan marang sesepuh sing wis njaga dhusun Banjarsari yaiku MK.

Nyuwun Keslametan

Urip ing bebrayan Jawa kabeh iku nduweni pakulinan sing ora bisa uwal saka anane tradhisi-tradhisi sing wis ana wiwit jaman biyen nganthi jaman saiki. Kayata nindakake TNK, anggone nindakake tradhisi iku dianggep nduweni paedah sing gedhe banget tumrap warga dhusun Banjarsari. Kapitayan bab piguna isih diugemi lan ditindakake dening warga Jawa nganthi seprene kapitayan tumrap piguna sing wis kawujud.

Owah-Owahan Sajrone Tradhisi Ngedusi Kucing

TNK minangka salah sawijine tradhisi saka warga Jawa. Adicara TNK tuwuh lan ngrembaka saka sesepuh sing manggon ing dhusun Banjarsari. Padha karo sipate kabudayan sing dinamis, TNK tansah ngalami owah-owahan bebarengan karo owahane jaman. Warga sing melu nyengkuyung lan nguri-nguri kabududayan mkligine TNK uga nganut lakune jaman sing saya suwe saya modern. Sakliyané iku, manungsa minangka subjek sing nggunakake tradhisi kasebut kanthi nggunakake sipate sing kreatip, manungsa tansah menèhi panemu-panemu anyar sing dilebokake sajrone TNK saliyané iku manungsa uga tansah njaga kalestariané TNK. Babagan owah-owahane TNK ing dhusun Banjarsari bakal dionceki kaya ing ngisor iki.

Bedane TNK Jaman Biyen lan Saiki

TNK ing jaman biyen lan saiki tamtune wis beda. Beda-bedane TNK kasebut bisa dirasakake ing jaman sing wis sarwa maju kaya saiki, beda karo jaman biyen sing durung ana apa-apa lan anggone warga Jawa nindakake TNK isih prasaja. Piranti-piranti sing digunakake ing jamn biyen katon prasaja banget, beda karo jaman saiki, mulane bisa diwawas saka ubarampe lan Tatalaku nalika nindakae TNK. Andharan kaya ing ngisor iki.

Tatalaku

Tatalaku sajrone TNK iku ana owah-owahane. Mula tatalaku TNK ing jaman biyen karo jaman saiki iku beda, naming ora sakabehe tatalaku ing adicara TNK ngalami owah-owahane, isih ana tatalaku adicara TNK sing isih dijaga wiwt biyen nganthi saiki dening warga dhusun Banjarsari.

Ubarampe

Bab liyane sing ngalami owah-owahan yaiku saka ubarampe. Ubarampe sing ngalami owah-owahan ora akeh. Mergane ubarampe sing digunakake sajrone TNK ora perlu akeh, dadi yen ana owah-owahan, akeh-akehe mung ditambahi. Ing jaman saiki ana babagan sing beda kaya ubarampe jaman biyen lan saiki. Salah sawijine yaiku anane bungkus. Ing jaman biyen isih nggunakake tempeh utawa besek banjur dilemeki godhong gedhang utawa godhong jati.

Pamawas Warga Marang TNK

Pamawas warga yaiku sawijine wujud respon utawa pisumbang usul lan panemu usul uga panemu saka warga marang samubarang tertamtu sing ngandhut nilai-nilai. Dianggo ngonceki pamawase warga digunakake sawijine teori. Bab pamawas warga ngenani TNK iki, nggunakake teori Iser (sajrone Endraswara, 2008:121) sing njlentrehake ngenani resepsi dhata. Kanthi nggunakake teori kasebut bakal njlentrehake apa sing bakal ditindakake warga marang objek, apa wae sing dadi wewatesane warga minangka sing menèhi makna. Warga dhusun Banjarsari uga ana sing ora sarujuk anane TNK . miturut sampel sing dijupuk yaiku saka 50 wong perwakilan warga dhusun Banjarsari, nyatane ana 3 wong sing ora sarujuk anane tradhisi kasebut. Nanging uga akeh sing luwih saka 95% warga sing sarujuk marang anane TNK amerga dianggep yen nduweni piguna lan wigati.

Golongan Warga sing Sarujuk

TNK minangka upacara adat sing isih ngrembaka mligine ing dhusun Banjarsari, ateges isih akeh warga sing isih ngugemi uga nglestarekake anane tradhisi kasebut. Warga sing kalebu sarujuk anane TNK kagolong cukup akeh. Ateges warga akeh sing percaya lan nindakake TNK nganthi saiki. Saperangan gedhe anggone sarujuk amerga nduweni alesan sing ndadekake kapitayan sing kuwat tumrap wargae.

Golongan Warga sing Ora Sarujuk

Golongan warga sing ora sarujuk anane TNK ora akeh, mung ana 3 saka 50 wong sing wis disurvei menehi wangsulan sing ora sarujuk. Saperangan gedhe alesan yen ora sarujuk ditindakake acara TNK iku amerga digayutake anane agama Islam, wong sing fanatik marang agama, banjur ora percaya karo anane tradhisi lan adat istiadat sing ana. Golongan warga iki nduweni alesan yen TNK ora ana ing kapitayan miturut agama Islam.

Cara Nglestarekake TNK

Tradhisi iki dianggo ngadohake bebaya lan musibah sing bakal njalari gagal panen nalika musim tanem pari. Ing ngisor iki ngandharake cara sing digunakake supaya TNK sing ana ing dhusun Banjarsari bisa tetep ngrembaka lan lestari, ora ilang amerga kena pangaribawane jaman. Kabudayan bisa tetep ngrembaka saka rong cara wujud, yaiku:

(1) Culture Experience

Culture experience yaiku kalebu cara dianggo nglestarekake budaya kanthi cara langsung.

(2) Culture Knowledge

Minangka nglestarekake kabudayan kanthi cara menehi kawruh ngenani kabudayan marang warga warga, sing nduweni tujuwan supaya luwih bisa ngrembaka sawijine budaya sing ana ing Negara iki. Kanthi cara kasebut warga bisa mangerteni kabudayan sing ana.

Pamawas Pamrentah

Dhusun Banjarsari kalebu salah sawijine dhusun sing ana ing Desa Bareng . ing dhusun kasebut kalebu dhusun sing panggone ana ing tengah-tengah sawah, mula ora mokal yen pendhudhuk dhusun Banjarsari nduweni pakaryan dadi tani. Saben wayah tandur pari nganakake adicara TNK sing dadi donga supaya warga tetep diparingi slamet lan uga rasa sokure warga anggone tandur diparingi lemah sing subur uga asil sing apik. Cara pamrentah anggone melu nglestarekake yaiku kaya ing ngisor iki.

- (1) Saka pamrentah kudu bisa dadi panyengkuyung sing bisa njaga anane TNK sing ana ing dhusun Banjarsari, kanthi otomatis tradhisi kasebut bisa ngrembaka kanthi cara ora ngowahi lan bisa madhakake karo kabijakan sing ana.
- (2) Pamrentah kudu bisa melu nyengkuung anggone nindakake TNK, supaya adicara bisa kelaksanan kanthi lancar.
- (3) Pamrentah kudu bisa promosi anane TNK ing dhusun Banjarsari marang warga sing ana ing dhaerah sanjabane kecamatan Bareng, lan uga sanjabane Kabupaten Jombang.

Pamawas Warga

Lestarine budaya bisa dideleng saka kepriye anggone para warga nglestarekake tradhisi kasebut. Mula bener yen ana ukara “Nasibe Tradhisi Budaya ana ing tangane kaum penerus bangsa”. Warga sing kalebu nduweni pamikiran sing wigati yaiku para kaula mudha.

Yen para kaula mudha nduweni semangat dianggo njaga tradhisi bangsa mesthi bakal lestari.

Para kawula mudha kalebu generasi penerus minangka generasi sing dikarepake bisa njaga lan nglestarekake budaya supaya bisa tetep ngrembaka senajan kena pangaribawane jaman sing dadi cikal bakale pemimpin. Mula saka iku mung para generasi mudha sing bisa nerusake lan dadi ukurane nasibe budaya bangsa.

Diajarna ing Kelompok

Carane warga nglestarekake TNK kanthi cara menehi kawruh marang kelompok. Saben ana arisan ing dhusun. Mesthi diwenahi kawruh ngenani tradhisi apa wae sing ana ing dhusun kasebut, mligine TNK.

Kawula Mudha Minangka Peneruse Bangsa

Para kawula mudha pancen wis nduweni kewajiban dianggo ngupayakake nglestarekake tinggalane sejarah kabudayan para leluhur sing ditinggalake kanthi bentuk budaya. Minangka kawula mudha kudu bisa nuwuhake potensi awake dhewe lan ngupaya dianggo ngrembakake kabudayan dhaerah supaya ora ilang. Saengga kabudayan kasebut bisa lestari.

Cara sing digunakake yaiku diajaraake menyang generasi penerus kayata bocah enom, kanthi ngliwati panggonan umum yaiku sekolah. Sajrone sekolah kawruh ngenani TNK diwenehake marang bocah-bocah sing dadi penerus dianggo nglestarekake tradhisi lan budaya ing dhusun Banjarsari. Kagiyatan iki dikarepake supaya bocah-bocah sing dadi generasi penerus dianggo nglestarekake tradhisi lan budaya Jawa sing nduweni pengaruh marang tradhisi Negara liya.

Pamawas Bebrayan Agung Sanjabane Dhaerah

Sawijine kabudayan kayata TNK sing ana ing dhusun Banjarsari bisa wae ilang yen wargae ora njaga, mula kudu bisa nuwuhake rasa tresna marang tradhisi budaya sing wis dituwuhake dening para sesepuh jaman biyen. Ing ngisor iki bakal diandharake cara supaya TNK tetep ngrembaka.

(1) Rasa Pepenginan Dianggo Sinau

Gelem nyinaoni budaya kasebut, masiya mung weruh lan uga melu sajrone dicara TNK. Warga sing melu nyengkuyung anane TNK minangka sawijine budaya dhaerah sing isih ngrembaka nganthi saiki. Tradhisi kasebut nuduhake rasa sokur marang Gusti lan uga nyuwun keslametan dianggo warga supaya diadohake saka musibah lan bebaya apa wae.

Saka pirang-pirang taun anggone nindakake TNK, akeh warga sanjabane dhusun Banjarsari padha melu nyengkuyung anane TNK. Pepenginan dianggo ndeleng lan uga melu sajrone adicara TNK. Mula saka anane akeh warga sing melu nyengkuyung, mula tradhisi kasebut ora bisa ilang.

(2) Melu ing adicara

Melu ing adicara dikarepake dianggo bocah cilik supaya melu nindakake dicara TNK. Upaya dianggo nguri-uri kabudayan Jawa mligine tradhisi sing isih ana kasebut dianakake kanthi cara tetep nindakake TNK utawa ngelingake lan nuduhake marang para mudha

supaya tansah tetep ngleluri kabudayan Jawa mligine TNK.

PANUTUP

Dudutan

Miturut andharan sajrone bab asile panliten ngenani TNK ing dhusun Banjarsari, Desa Bareng, Kecamatan Bareng, Kabupaten Jombang, bisa didudut:

Mula bukane TNK diwiwiti kanthi crita asal mula dhusun Banjarsari, uga sejarah ngenani makam Mbah Kudus lan tuwuhe TNK. Asal mula jeneng dhusun Banjarsari biyen jenenge dhusun Kedung Winong mergane jaman biyen akeh wit winong sacedhake kedhung, anane pangaribawane jaman lan akehe sistem pamrentahan digenti dadi dhusun Banjarsari, Banjar tegese maneka warna lan Sari tegesi jejer-jejer. Ngenani tuwuhe TNK, ing jaman biyen ana wong sing kena musibah nalika nandur pari.

Tata laku anggone nindakake TNK yaiku kaperang dadi telu yaiku 1) tahap persiyapan, 2) tahap pelaksanaan adicara, 3) panutup. Sajrone tahap persiyapan yaiku nyiapake bab apa wae sing dinggo nindakake adicara wiwit nindakake musyawarah, mbentuk panitia, nyiapake piranti dinggo TNK banjur nganthi resesik ing makame Mbah Kudus.

Ubarampe sing digunakake sajrone TNK diperang dadi loro yaiku ubarampe sing disyaratake yaiku arupa kucing belang telon, dhawet, sajen, kembang setaman lan gedhang raja. Banjur ubarampe sing digawa warga saka omahe dhewe-dhewe kaya panganan asil olahan saka asile panen sawahe dhewe-dhewe..

TNK nduweni paedah, yaiku 1) Minangka sistem proyeksi, 2) Minangka sarana pangesahing pranata kabudayan, 3) Dinggo sarana panggulawentah, 4) Minangka piranti panemu norma sajrone warga, uga 5) Dinggo nguwatake rasa sing padha utawa rasa solidaritas kolektif. Cara warga dhusun Banjarsari tetep nglestarekake TNK yaiku bisa dideleng saka angket. TNK kalebu tradhisi sing tetep diugemi lan isih ngrembaka, cara warga supaya tradhisi tetep ngrembaka yaiku diperang dadi telung pamawas. Saka katelu pamawas kasebut yaiku saka pamrentah, warga dhusun Banjarsari uga bebrayan agung sanjabane dhaerah kasebut.

Pamrayoga

Jaman saya modern, sakabehe pola piker lan tumindak manungsanbisa ngalami owah-owahan amerga kena gingsire jaman. Mula saka anane jaman modern kaya saiki, tradhisi minangka warisan budaya para sesepuh wiwit jaman biyen kudu dijaga lan dilestarekake, dibutuhake panyengkuyung saka generasi penerus sing melu nglestarekake lan njaga tradhisi sing ana para generasi penerus kayadene anak putune kudu ngugemi lan nyinaoni babagan ngenani tradhisi kabudayan Jawa supaya bisa menehi pamawas lan piguna tumrap warga umum.

KAPUSTAKAN

- Ahmadi, Abu. 1985. *Antropologi Budaya*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia
- Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta
- Danandjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia Ilmu Gosip Dongeng dan lain-lain*. Jakarta: Pustaka Geografi
- De Hann, Tim ISBD UNESA. 2008. *Ilmu Sosial Budaya Dasar*. Surabaya: Unesa University Press
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Folklor Jawa, Bentuk, Macam, dan Nilainya*. Jakarta: Penaku
- Geertz, Clifford. 1981. *Abangan, santri, priyayi dalam masyarakat Jawa*. Jakarta: Pustaka Utama
- Herususanto, Budiono. 1985. *Simbolis Dalam Budaya Jawa* Yogyakarta: Hanindita Graha Widia
- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara yang Terlupakan*. Surabaya: Hiski
- Koentjaraningrat. 1985. *Kebudayaan Mentalis dan Pembangunan*. Jakarta: Balai Pustaka
- Kuntowijoyo. 1987. *Budayawan Masyarakat*, Yogyakarta: PT. Tiar Wicana
- Luxemburg, Jan Van. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama
- Moeloeng. 2014. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung. PT. Remaja Rosdakarya
- Nurgiyantoro. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: GadjahMada University Press
- Poerwadarminta. 1984. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta. Balai Pustaka
- _____. 1939. *Baoesastra Djawa*. Jakarta. Balai Pustaka
- Rendra. 1985. *Mempertimbangkan Tradhisi*. Jakarta: Gramedia
- Saryono. 2010. *Sosiologi Suatu Pengantar*. Jakarta. PT. Raja Grafika Persada
- Soedarsono. 1986. *Pengkajian Kebudayaan Nusantara*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Soejono. 1997. *Metode Penelitian Deskriptif*. Jakarta: Gramedia
- Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Citra Wacana
- Sugiyono. 2009. *Metode Penelitian Kuantitatif dan Kualitatif R&D*. Bandung: Alfabeta
- Sukarman. 2006. *Pengantar Kebudayaan Jawa*. Surabaya: Unesa Unipress
- Suwarni dan Widayati, Sri Wahyu. 2011. *Dasar-dasar Upacara Adat Jawa*. Surabaya
- Suwarni, Wahyu. 2006. *Bahan Ajar Dasar-Dasar Upacara Adat*. Surabaya: UNESA Press
- Tim ISBD UNESA. 2008. *Ilmu Sosial Budaya Dasar*. Surabaya: Unesa University Press